

# Poul ak Eg



- Ann Nduku
- Wiehan de Jager
- ACE Haiti-University of Notre Dame USA
- Haitian
- Level 3





Nan tan lontan, yon poul ak yon èg te zanmi. Yo te viv anpè ak tout lòt zwazo yo. Men, yo pa te kapab vole.



Yon jou, peyi a te nan grangou. Eg lan te blije mache byen lwen pou'l jwenn manje. Lè li tounen li te bouke anpil". Li di tèt li: « Fòke mwen jwenn yon lòt jan pou'm vwayaje!».



Apre yon bon nwit dòmi, poul la leve ak yon bél lide. Li rasanble tout plim zanmi zwazo yo ki te tonbe atè : "Annou koud tout ansanm sou nou... petèt na kapab vwayaje pi fasil."




Eg lan te sèl ki te gen zegwi, se konsa li kòmanse koud an premye. Li fè de bél zèl pou tèt li enpi li vole byen wo sou poul la. Poul la prete zegwi a men li vin fatige koud. Li depoze zegwi a nan yon bol enpi lale nan kizin nan pou'l fè manje pou ptit li yo.



Lòt zwazo yo te wè Eg tap vole byen wo. Yo mande poul la si yo te ka prete zegwi a tou pou yo fè zèl pou tèt yo. Se konsa tout zwazo kòmanse vole nan syèl la.

Lè dènye zwazo a remèt zegwi la, Poul lan pate la. Timoun yo pran zegwi a, yo kòmanse jwe ak li. Lè yo bouke yo kite'l sou sab la.





Pita nan apremidi, Eg la tounen. Li mande kote zegwi la pou'l ranje kèk plim ki te decole nan vwayaj li. Poul la gade nan bol la, li gade nan kizin nan, li gade nan lakou a men li pa janm jwenn zegwi a.



"Tanpri ban mwen yon lòt jou ankò" poul la mande. "Apre sa a, wap kapab ranje zèl ou pou'w ale chache manje ankò." "Map ba ou yon genn jou sèlman" Eg la reponn. "Si ou pa ka jwenn zegwi a ou pral blije ban mwen yonn nan ti poul ou yo kòm pèman."



Lè Eg la vini nan lòt jou ki vini, li jwenn Poul la ap grate sab la men zegwi pate la. Se konsa ke Eg lan vole byen ba pou li pran yonn nan ti poul yo. Li pati avèk ti poul lan. Depi jou sa a , chak fwa Eg parèt li wè poul lan af fouye sab lan pou'l chache zegwi a.



Lè poul lan wè lombraj zèl Eg la ap tonbe li kouri pran timoun li yo "soti sou teren vid sa a" Timoun yo reponn: "Nou konnen! N'ap kouri."



## Storybooks Haiti

[global-asp.github.io/storybooks-haiti](http://global-asp.github.io/storybooks-haiti)

### Poul ak Eg

Written by: Ann Nduku

Illustrated by: Wiehan de Jager

Translated by: ACE Haiti-University of Notre Dame USA

This story originates from the African Storybook ([africanstorybook.org](http://africanstorybook.org)) and is brought to you by [Storybooks Haiti](#) in an effort to provide children's stories in Haiti's many languages.



This work is licensed under a Creative Commons  
[Attribution 3.0 International License](#).